

**Pangembangan Media *Animasi Flash* sajrone Ngundhakake Kawasisan Nulis Kombinasi Pasangan
Aksara Jawa Siswa Kelas VII SMPN 1 Pagerwojo, Tulungagung
Taun Ajaran 2012/2013**

Endah Agustina

Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
(endah_agustina1@yahoo.com)

Abstrak

Kantri anane perkembangan IPTEKS kang tansaya ngrembaka lan cara pamulangan kang monoton, njalari siswa bosen. Saengga biji kang diolehake dening siswa ana ing sangisore KKM. Bab kasebut dumadi ing pamulangan nulis aksara Jawa ing SMPN 1 Pagerwojo. Mula saka iku, panliten iki minangka sawijining inovasi kanggo ndandani proses pamulangan kantri pangembangan media *animasi flash* sajrone nulis pasangan aksara Jawa. Underane panliten iki yaiku (1) kepriye proses pangembangan media *animasi flash*; (2) kepriye efektivitas media *animasi flash* sajrone ngundhakake kawasisan nulis kombinasi pasangan aksara Jawa; (3) kepriye respon siswa tumrap media *animasi flash*. Selaras karo underan paliten kasebut, tujuwan saka panliten iki yaiku (1) ngandharake proses pangembangan media *animasi flash*; (2) ngandharake efektivitas media *animasi flash* kanggo ngundhakake kawasisan nulis kombinasi pasangan aksara Jawa; (3) ngandharake respon siswa tumrap media *animasi flash*.

Panliten iki kalebu panliten PTK pengembangan, yaiku sawijining panliten kelas kang tujuwane kanggo ndandani mutu pamulangan utawa pasinaon kantri cara ndandani produk pamulangan kang wis ana supaya bisa luwih efektif. Model pangembangan kang dipilih yaiku model pangembangan pamawase Sadiman.

Asil saka panliten iki nuduhake kaefektivan media *animasi flash* kanggo ngundhakake kawasisan nulis siswa. Wiwit saka proses pangrembakan, kuwalitas kang diolehi saka validasi media, asil uji coba lapangan, lan respon siswa.

Proses pangembangan diwiwiti saka idhentifikasi kabutuhan siswa nganti, pangemasan media sajrone CD, banjur dijangkepi karo kuwalitas media kang kalebu apik. Kuwalitas media kasebut dibuktekake saka asil validasi ahli media kang menehi biji rata-rata 86. Ahli materi menehi biji rata-rata 76 kanggo komponen kompetensi, lan 80 kanggo komponen pangandharan media.

Efektivitas media dimangerteni saka asil sinau, asil observasi aktivitas siswa lan guru kelas VIIA lan VIIB ing 2 siklus. Rata-rata asil sinau siswa siklus 1 kelas VII A yaiku 66,79, banjur ing siklus 2 kantri biji rata-rata 80. Ing kelas VII B biji rata-rata siswa siklus 1 yaiku 68,12, siklus 2 yaiku 79. Saka aktivitas siswa kelas VII A ing siklus 1 ngolehake rata-rata 55,5%, banjur siklus 2 ngolehake rata-rata 74%. Aktivitas siswa kelas VII B ing siklus 1 ngolehake rata-rata 60%, lan siklus 2 kantri rata-rata 72%. Aktivitas guru ing kelas VII A siklus 1 ngolehake rata-rata 63,3%, ing siklus 2 kantri rata-rata 86%. Aktivitas guru ing kelas VII B siklus 1 ngolehake rata-rata 68,3%, lan ing siklus 2 kantri rata-rata 90%. Saka iku nuduhake yen ing saben sikeluse ana undhak-undhakan saka saben kriteria pambiji. Respon siswa ing kelas VII A lan VII B kalebu kriteria "njangkepi kompetensi" amarga ana ing rentang 2,50-3,00. Rata-rata asil pambiji respon siswa kelas VII A yaiku 2,54, dene kelas VII B yaiku 2,52

Kata Kunci: pangembangan, media, *animasi flash*, kawasisan, pasangan aksara Jawa

A. PURWAKA

Kemajuan ilmu pengetahuan teknologi lan seni (IPTEKS) kang tansaya sumebar lan ngrembaka ing saindhenging donya mrabawani tumrap sakabehe aspek panguripan ing donya iki, wiwit saka bidhang komunikasi, pendhidhikan, lan liya-liyane. Kantri ngrembakane IPTEKS iki menehi panjurung tumrap donyane pendhidhikan supaya nindakake inovasi sajrone proses pamulangan. Sajrone proses pamulangan iku nduweni rong unsur kang wigati, yaiku metode lan media pamulangan (Arsyad, 2009:15).

Ing pamulangan basa ana 4 katrampilan kang kudu disinau dening siswa lan nduweni gegayutan antarane siji

lan sijine, yaiku katrampilan nyemak, wicara, maca, lan nulis. Adhedhasar observasi tumrap siswa kelas VII ing SMPN 1 Pagerwojo ngenani nulis aksara Jawa, diweruhi prakara kang tuwuhan yaiku kurange kawasisan siswa sajrone nulis aksara Jawa. Asil pasinaon siswa sajrone nulis aksara Jawa, 40% ora bisa nggayuh KKM, yaiku biji 75. Bab iki dijalari amarga siswa ngrasa kangelan anggone ngapalake lan ngecakake wujude aksara Jawa, mula siswa kurang aktif.

Kantri tetimbangan iku mau, panliti njupuk media *animasi flash* kanggo mbiyantu proses pamulangan basa Jawa. Kantri nggunakake media iki proses pasinaon diajab bisa lumaku luwih lancar, amarga media iki bisa nyuguhe gambar kang luwih canggih tinimbang *power*

point. Flash uga nduweni tampilan animasi kang bisa narik kawigatene siswa kanggo sinau. Saliyane iku, siswa diajak luwih ngenal aksara Jawa lumantar teknologi kang nyenengake, inovatif lan variatif.

Miturut Borg & Gall (sajrone Sugiyono, 2012:9) panliten pangembangan minangka sawijining metode panliten kang digunakake kanggo ngembangake, lan malidhasekake prodhuk kang digunakake sajrone pamulangan. Ing panliten iki ditindakake pangembangan media pamulangan kang ngasilake prodhuk arupa media animasi *flash* kanggo katrampilan nulis. Panliten pangembangan iki urung nate ditindakake sadurunge. Kanthi anane pangembangan media iki proses pamulangan ing kelas ana owah-owahan. Guru ora dadi sumber utama sajrone pamulangan ing kelas, nanging siswa uga bisa aktif. Media iki dijangkepi karo *audio-visual* lan *game* kang nyengkuyung materi, saengga bisa narik kawigaten siswa. Saliyane iku, siswa uga bisa sinau mandhiri lumantar media iki.

Adhedhasar apa kang wis diandharake sadurunge, mula tujuwan saka panliten iki yaiku 1) ngandharake proses pangembangan media *animasi flash* 2) ngandharake efektivitas media *animasi flash* 3) ngandharake respon siswa kelas VII SMPN 1 Pagerwojo tumrap media *animasi flash*.

Teori-teori lan konsep kang digunakake minangka lelandhesan sajrone panliten iki, yaiku:

Teori ngenani katrampilan nulis dijupuk saka teorine Lado (sajroning Basir, 2010:29) kang ngandharake katrampilan nulis yaiku kawasianan jroning proses pangolahan lan pamedhare gagasan kanthi runtut, logis, lan nduweni makna saengga bisa menehi pemahaman imajinatif marang pamaose kanthi maksimal.

Konsep ngenani aksara Jawa dijupuk saka panemune Padmosoekotjo (1989: 13) kang ngandharake aksara Jawa uga disebut Dentawayanjana kang nduweni urut-urutaning aksara Jawa wiwit saka ha tekan nga, nduweni pasangan saka ha lan nga, uga nduweni sandangan.

Teori ngenani media miturut Miarso (sajrone Rusman, 2012:160) uga ngandharake ngenani media pamulangan yaiku samubarang kang digunakake kanggo nyalurake pesen sarta bisa ngrangsang pikiran, rasa pangrasa, kawigaten lan kekarepan siswa saengga nyengkuyung lumakune proses pamulangan.

Teori ngenani *adobe flash* dijupuk saka teorine Dhanta (2007:10). Teori iki ngandharake menawa *adobe flash* yaiku sawijining program kang ditujokake marang para *desainer* utawa *programer* kang ngrancang *animasi* kanggo nggawe *web*, presentasi utawa proses pamulangan supaya luwih interaktif lan spesifik sarta efektif.

Konsep ngenani *animasi* dijupuk saka Astuti (2006:111), kang ngandharake yen *animasi* yaiku objek kang ditata saengga objek kasebut bisa obah lan bisa narik kawigaten wong kang ndeleng. Animasi iki bisa digawe kanthi nggunakake *flash*.

B. METODHE

Panliten iki kalebu panliten PTK pangembangan. PTK (*classroom action research*) yaiku sawijining panliten kang ditindakake ing kelas (Arikunto, 2011:2). Sabanjure, panliten pangembangan (*research and development*), yaiku proses kang digunakake kanggo ngrembakake lan menehi validasi prodhuk pendhidhikan. Borg & Gall (sajrone Sugiyono, 2012:9) ngandharake menawa panliten pengembangan minangka sawijining metode panliten kang digunakake kanggo ngembangake, lan malidhasekake produk kang digunakake sajrone pendhidhikan lan pamulangan. Dadi PTK pangembangan mujudake sawijining panliten kelas kang tujuwane kanggo ndandani mutu pamulangan utawa pasinaon kanthi cara ndandani prodhuk pamulangan kang wis ana supaya bisa luwih efektif.

Sajrone PTK pangembangan media iki panliten ditindakake kanthi 2 siklus, kang saben sikluse kudu ana 4 tahapan kang kudu dilakoni, yaiku:

- (1) Tahap ngrancang pamulangan (*plan*), sajrone tahap iki panliti ngandharake ngenani apa bae kang dibutuhake lan bakal ditindakake sajrone panliten. Bisa diarani tahap iki medharake rancangan (rencana) sawijining tumindak kang ngandhut ngenani apa, kena apa, kapan, ing ngendi, dening sapa lan kepriye tumindak kasebut ditindakake. Ing kene panliti nemtokake punjere prastawa kang kudu digatekake lan instrument pangamatan kanggo ngrekam asil saka tindakan kasebut.
- (2) Tahap nindakake pamulangan (*action*) yaiku wujud implementasi utawa ngetrapake saka rancangan kang wis dirancang sadurunge.
- (3) Tahap observasi (*observe*) yaiku sawijining tumindak kanggo ngamati apa bae kang dumadi sajrone panliten minangka dampak saka tumindak kang dipilih.
- (4) Tahap refleksi (*reflection*) minangka sawijining kagiyanan kanggo ndudut apa kang wis ditindakake. Panliti nindakake analisis lan tetimbangan asil utawa dampak saka tindakan kang ditindakake. Ing kene ngandhut kakurangan lan kaluwihan saka tindakan kang dipilih.

Rancangan panliten kang digunakake sajrone pangembangan media *animasi flash* sajrone materi nulis pasangan aksara Jawa yaiku rancangan model pangembangan miturut pamawase Sadiman. Rancangan iki dipilih amarga dirasa selaras karo tujuwan saka panliten iki ngenani pangembangan media.

Modhel pangembangan miturut pamawase Sadiman (2005:100) kaperang saka 7 tahap pangembangan yaiku 1) idhentifikasi kabutuhan lan karakteristik siswa, 2) ngrumusake tujuwan instruksional kanthi operasional lan khas, 3) ngrumusake butir-butir materi kanthi njlimet kang nyengkuyung tujuwan supaya bisa kagayuh, 4) ngembangake alat pangukur kanggo asil sinaune siswa, 5) nulis naskah media, 6) nindakake tes lan revisi, lan 7) produksi.

Panliten iki ditindakake kanthi subjek siswa kelas VII, yaiku kelas VII A lan VII B kanthi setting ing SMPN 1 Pagerwojo Tulungagung. Sumber dhata ing kene yaiku saka siswa, validator kang kaperang saka validator ahli media lan ahli materi, guru bidang studi minangka observer nalika proses pamulangan lumaku. Dhata ngenani kuwalitas media animasi bisa dijupuk saka validator ahli. Dhata ngenani efektivitas media bisa dijupuk saka validasi respon siswa, asil pasinaon siswa ngenani nulis pasangan aksara Jawa, sarta observasi aktivitas siswa lan guru.

Instrumen kang digunakake sajrone panliten iki yaiku lembar observasi, soal tes, lan lembar angket (angket idhentifikasi kabutuhan siswa, angket validasi, lan angket respon siswa). Teknik sing digunakake kanggo nglumpukake dhata sajrone panliten iki yaiku observasi, tes, lan angket.

Sabanjure, teknik analisis dhata kang digunakake ing panliten iki ana patang perangan, yaiku:

1. Analisis Respon Siswa lan Identifikasi Kabutuhan Siswa

Dhata asil saka respon siswa lan identifikasi kabutuhane siswa dianalisis kanthi statistik deskriptif kang nggunakake rumus kaya mangkene:

$$HP = \frac{\text{gunggunge sakabehe biji}}{\text{gunggunge kabeh peserta}}$$

(Arikunto, 2006:243)

Katongan: $HP = \text{asil pambiji}$

Saka kriteria mau sabanjure bisa dilebokake menyang standar pandiskripsian kaya ing tabel iki:

Tabel 2.1

Standar pandiskripsian ing saben kriteria

Tingkat pencapaian	Kualifikasi
1,00 – 1,99	Ora njangkepi kompetensi
2,00 – 2,49	Kurang njangkepi kompetensi
2,50 – 3,00	Njangkepi kompetensi

2. Analisis Asil Biji Validasi

Analisis pambiji validasi media saka ahli media lan ahli materi, dianalisis kanthi rumus:

$$P = \frac{\text{gunggunge skor pambiji}}{\text{gunggunge skor paling dhuwur}} \times 100$$

(Sudjana, 2009:40)

Katongan: $P = \text{pambiji}$

Skor kang digunakake ing kene yaiku skala 5, kanthi kriteria kang ana ing tabel 2.2.

Tabel 2.2

Skala Kriteria Skor Validasi

Skor	Katongan
1	Kurang banget
2	Kurang
3	Cukup
4	Apik
5	Apik banget

Saka asil pambiji validasi kasebut banjur diinterpretasekake kanthi tabel 2.3 kanggo meruhi kuwalitas layak orane media animasi sajrone pamulangan kang dikembangake.

Tabel 2.3

Interpretasi Skor Validasi (skala Likert)

Tingkat pencapaian	Kualifikasi
85% - 100%	Apik banget
75% - 84%	Apik
60% - 74%	Cukup
40% - 59%	Kurang
0% - 39%	Gagal

(Nurgiyantoro, 2001:399)

3. Analisis Asil Observasi Aktivitas Guru lan Siswa

Dhata asil observasi aktivitas guru lan siswa dianalisis kanthi rumus:

$$P = \frac{f}{N} \times 100\%$$

(Indarti, 2008:26)

Katongan:

P = persentase frekuensi kedadeyan kang tuwuhan

f = frekuensi (akehe) aktifitas sing tuwuhan

N = jumlah sakabehe aktifitas

Saka asil analisis kasebut, banjur diinterpretasekake kanthi tabel 2.4.

Tabel 2.4

Skala Kualifikasi Observasi (skala Likert)

Tingkat pencapaian	Kualifikasi
90% - 100%	Apik banget
80% - 89%	Apik
70% - 79%	Cukup
60% - 69%	Kurang
50% - 59%	Kurang banget

4. Analisis Asil Tes Siswa

Asil tes siswa dianalisis kanthi deskriptif kuantitatif. Data saka asil pasinaon siswa bisa dianalisis kanthi rumus:

$$M = \frac{\sum fx}{N}$$

(Indarti, 2008:26)

Katongan:

M : biji rata-rata (mean)

Σfx : jumlah sakabehe bijine siswa

N : cacahe siswa

Sawise iku, banjur digoleki persentase ketuntasan klasikal kanthi rumus:

$$P = \frac{\Sigma \text{ siswa kang tuntas}}{\Sigma \text{ siswa sakelas}} \times 100\%$$

(Aqib,dkk.2008:41)

Katrangan: P = persentase katuntasan klasikal

C. ANDHARAN

Adhedhasar underaning panliten sajrone panliten iki, mula ing kene diandharake siji mbaka siji.

1. Proses Pangembangan Media Animasi Flash

Ing proses pangembangan media iki milih modhel pangembangan miturut pamawase Sadiman. Sajrone proses pangembangan iki ana 7 trap-trapan kang kudu dilakoni, yaiku:

a. Idhentifikasi Kabutuhan lan Karakteristik Siswa

Idhentifikasi kabutuhan lan karakteristik siswa iki dibutuhake sadurunge ngrancang media, yaiku kanggo landhesan sajrone nyusun media. Kanthi anane landhesan iki diajab panyusunan media kang disusun bisa trep karo kabutuhan siswa lan nduweni piguna tumrap pamulangan saengga asil pasinaon bisa luwih apik. Saliyane iku, supaya panyusunan media salaras lan trep karo tujuwan. Asil idhentifikasi kabutuhan lan karakteristik siswa ing rong kelas nuduhake asil kang padha yaiku 2,26kanthi kriteria kurang njangkepi kompetensi.

b. Ngrumusake Tujuwan Pembelajaran

Tujuwan pamulangan ing kene dirumusake adhedhasar KTSP 2008 Jawa Timur kelas VII, yaiku:

Standar Kompetensi

Menulis: Mengungkapkan pikiran, perasaan, dan gagasan dalam bentuk narasi sederhana dan mengungkapkan berbagai informasi dengan huruf Latin/ Jawa.

Kompetensi Dasar

Menulis menggunakan aksara Jawa

c. Ngrumusake Butir-Butir Materi

Materi kang diandharake ing kene yaiku mligi ngenani pasangan aksara Jawa, pamerange pasangan aksara Jawa lan ngenani tata tulise. Materi iki kaperang saka: 1) Pasangan kang sejajar karo aksara kang dipasangi, 2) Pasangan ana sangisore aksara kang dipasangi

d. Ngembangake Alat Ukur Asil Pasinaon

Kanggo ngukur kaefektivan media iki uga kudu disiyapake alat ukur kang arupa asil sinaune siswa kang dipunjerake ing latihan soal kang kasusun ing LKS lan LP. LKS lan LP dibagekake menyang siswa kaping pindho, yaiku nalika tanpa nggunakake media lan nggunakake media.

e. Nulis Naskah Media

Sajrone nulis naskah media, luwih dhisik kudu nyiyapake materi, buku lan gambar-gambar kang dibutuhake. Yen iku kabeh wis siyap lan cumepek banjur disusun lan ditulis ing naskah kang arupa *story board*. *Story board* ing kene nggambareke apa bae kang diwedhar ing media iki sarta tata urutan pangandharane.

f. Nindakake Tes lan Revisi

Tes lan revisi ing kene yaiku tes lan revisi naskah media saka validator kang arupa *story board*. *Story board* kapisan saka panliti diserahake marang validator banjur divalidasi. Kakurangan lan pamrayoga saka validator digunakake kanggo panyampurnaning naskah iki.

g. Prodhusi

Prodhusi ditindakake sawise naskah direvisi lan piranti sarta bahan wiwit saka referensi nganti evaluasi wis cumepek lan siap. Sakabehe materi lan bahan kang wis sumadiya dirangke adhedhasar naskah kang ana.

h. Kuwalitas Media Animasi Flash

Kuwalitas media iki bisa dideleng saka asil validasi saka ahli media lan ahli materi sarta saka asil revisi media kasebut. Sadurunge media digunakake kanggo panliten, luwih dhisik kang ditindakake yaiku tes uji coba kanthi validasi menyang validator. Validator ing kene ana 2, yaiku validator media lan validator materi. Bapak Alim Sumarno, M.Pd minangka validator media, panjenengane yaiku dosen ing Jurusan Teknologi Pendidikan. Validator materi yaiku Dra. Sri Sulistiani, M.Pd minangka dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Jawa).

Asil valiasi saka ahli media ngolehake pambiji rata-rata apik, kanthi skor 4,3, biji 86 lan persentase 86%. Biji kasebut yen diinterpretasekake kalebu kualifikasi “apik banget” yaiku antarane rentang 85%-100%. Ing kene validator uga ora menehi panyaru lan pamrayoga saengga saka aspek konstruksi lan komunikasi visual media wis njangkepi kriteria media pamulangan kang becik. Saliyane iku, uga nuduhake yen media iki uga wis layak kanggo pamulangan.

Ing segi materi ing kene kaperang dadi rong komponen, yaiku komponen kommpetensi lan komponen pangandharan media. Saka aspek kompetensi, materi sajrone media iki kagolong apik. Bab iki bisa dibuktekake saka asil rata-rata pambiji validator yaiku 76%. Persentase kasebut kalebu kriteria apik yaiku antara rentang 75%-84%. Ing aspek pangandharan media, rata-rata bijine yaiku 80 kanthi persentase 80% kang kalebu kriteria apik. Adhedhasar rong komponen pambiji saka aspek materi kasebut dipikolehi biji rata-rata yaiku 78, persentase 78%. Saka biji kasebut saka aspek materi sajrone media iki kalebu apik amarga ana ing rentang 75%-84%. Ing uji coba iki validator maringi pamrayoga

kang digawe kanggo revisi media. Pamrayogane validator kasebut diandharake ing sabanjure, yaiku bab revisi media.

2. Efektivitas Media Animasi Flash

Efektivitas media ing kene dimaksudake yaiku kanggo meruhi sepiro tingkat efektife media kanggo pamulangan. Bab iki bisa diweduhi salah sijine saka asil sinaune siswa kang ing kene ditindakake kanthi 2 siklus. Saben siklus ditindakake kanthi wektu 2 patemon (4 x 40 menit) kanthi subjek panliten ing kelas VII A lan VII B.

a. Asil Analisis Data Kelas VII A

Ing kelas iki cacah siswa sabenere ana 28, nanging ana salah siji siswa kang metu saka sekolah dadi cacahé 27 siswa. Siswa kasebut kaperang saka 15 siswananang lan 12 siswa wadon. Panliten iki katindakake kanthi 2 siklus.

Ing siklus 1 ditindakake tanpa nggunakake media. Pamulangan ditindakake tanggal 16 April 2013, jam 07.40-09.00 kanthi cacah siswa 27. Panliten katindakake kanthi 4 tahapan, yaiku ngrancang pamulangan, nindakake pamulangan, observasi, lan refleksi.

Asil kang diolehake ing siklus iki bisa direkap kaya ing tabel 3.1.

**Tabel. 3.1
Rekapitulasi Asil Tes kelas VIIA ing Siklus I**

No.	Uraian	Asil Siklus I
1.	Nilai rata-rata tes	66,6
2.	Cacah siswa kang tuntas	15
3.	Cacah siswa kang ora tuntas	12
4.	Persentase ketuntasan klasikal	55,5%

Asil saka tabel kasebut nuduhake cacah siswa kang tuntas ana 15 lan kang durung tuntas ana 12 siswa. Persentase katuntasan klasikal yaiku $\frac{15}{27} \times 100\% = 55,6\%$. Biji rata-rata asil sinau siswa $\frac{1798,4}{27} = 66,6$. Asil data kasebut nuduhake yen kelas iki durung tuntas sacara klasikal, amarga persentase katuntasan amung 55,5% saka persentase katuntasan klasikal kang ditemokake dening SMPN 1 Pagerwojo 75%.

Bab iki dinuga amarga siswa durung bisa paham lan mangertení tata cara panulisan kanthi becik. Sajrone panulisan aksara Jawa iku akeh banget aturan-aturan kang kudu dicakake, saengga siswa rumangsa kangelan. Saliyane iku, siswa ing kene ketara bosen kanthi cara pamulangane guru. Bab iki dibuktekake saka tingkat partisipasi siswa kang kurang, lan asil sinau siswa kang durung optimal.

Observasi ing kene ditindakake dening observer yaiku guru basa Jawa kelas VII ing SMPN 1 Pagerwojo yaiku Ibu Windi Susanti, S.Pd kanthi instrumen kang wis sumadiya. Asil observasi aktivitas siswa nuduhake

manawa aktivitas siswa sajrone proses pamulangan ing siklus 1 isih kurang. Kanthi rata-rata aktivitas siswa 57,5% kalebu ing kategori "kurang banget", yaiku ing rentang 50%- 59%. Banjur aktivitas guru nuduhake yen aktivitase guru ing siklus 1 kagolong kriteria "kurang" kanthi persentase 63,3%, yaiku ana ing rentang 60%-69%.

Saka asil lan kakurangan kang ditemoklake ing siklus 1, mula didandani kanggo ditindakake ing siklus 2. Beda karo siklus sadurunge, siklus 2 iki ditindakake kanthi nggunakake media. Kagiyanan pamulangan ing siklus 2 iki ditindakake tanggal 28 Juni 2013 ing kelas VII A SMP Negeri 1 Pagerwojo jam 07.40-09.00, kanthi cacah siswa 26 amarga salah siji siswa ijin. Siklus 2 iki uga ditindakake kanthi 4 tahapan sajrone PTK.

Asil ing pamulangan siklus 2 ing kelas iki bisa dideleng ing tabel iki.

**Tabel. 3.2
Rekapitulasi Asil Tes kelas VIIA ing Siklus 2**

No.	Uraian	Asil Siklus 2
1.	Nilai rata-rata tes	80
2.	Cacah siswa kang tuntas	21
3.	Cacah siswa kang ora tuntas	5
4.	Persentase katuntasan belajar	80,8%

Adhedhasar tabel kaseut bisa diweduhi yen ing siklus iki cacah siswa kang tuntas ana 21, lan siswa kang ora tuntas ana 5 siswa. Rata-rata skor kelas 24, banjur rata-rata biji kelas yaiku $\frac{2078,6}{26} = 80$, dene katuntasan klasikal yaiku $\frac{21}{26} \times 100\% = 80,8\%$. Katuntasan kang diolehake kasebut wis bisa nggayuh KKM yaiku 75.

Asil kasebut uga mbuktekake yen kanthi media iki bisa mbiyantu siswa ngowahi semangate kanggo sinau. Kagiyanan pamulangan kanthi media *animasi flash* bisa nuwuhanake kahanan pamulangan kang beda saka sadurunge. Kanthi media iki kacipta swasana pamulangan kang nyenengake amarga siswa ora amung nampa materi bae nanging bisa luwih aktif kanthi sinau dhewe. Anane dolanan lan latihan soal kang diwenehi tetenger bener lan salah bisa narik kawigaten siswa, saengga siswa ora rumangsa waleh.

Observasi ing siklus iki ditindakake kanthi instrumen kang beda saka siklus sadurunge. Saka asil lembar observasi kang ditindakake dening observer diolehake pembiji yen aktivitas siswa kalebu ing kriteria cukup, yaiku rata-rata 3,7. Persentase aktivitas siswa yaiku $\frac{37}{50} \times 100\% = 74\%$. Asil itungan kasebut mbuktekake yen aktivitas siswa saka siklus 1 menyang siklus 2 ana undhak-undhakan 17,5%, yaiku saka 57,5% dadi 74%. Anane undhak-undhakan iki bisa didadekake indikator yen pamulangan ing siklus 2 iki kasil. Aktivitas siswa sajrone siklus 2 iki kalebu kriteria "cukup" amarga ana ing rentang 70%-79%.

Ing observasi aktivitas guru ongolehake persentase yaiku $\frac{43}{50} \times 100\% = 86\%$. Kanthi persentase kasebut, mula aktivitas guru kalebu kriteria “apik”. Aktivitas guru ing siklus iki ana undhak-undhakan yaiku saka 63,3% dadi 86%, dadi undhak-undhakan 22,7%. Rata-rata aktivitas guru 4,3 kang kalebu apik. Anane undhak-undhakan ing siklus 2 saengga kalebu kriteria apik banget iki amarga ing siklus iki guru luwih aktif tinimbang siklus 1. Sajrone pamulangan iki guru mbimbing lan ngarahake siswa kanggo ngenal lan bisa nggunakake media *animasi flash*. Ing siklus iki guru isih ing tahap pengenalan media, mula siswa durung bisa kanthi lancar nggunakake media. Guru nuntun siswa kanggo nyemak media ing saben perangan saka media kasebut. Saliyane iku, guru uga menehi bimbingan tumrap siswa kanggo nggunakake media.

Asil kang diolehake sajrone panliten iki nuduhake yen ing siklus 2 iki panliten wis kasil yaiku kanthi indikator anane undhak-undhakan ing sakabehe aspek.

b. Asil Analisis Data Kelas VIIB

Ing kelas iki nduwensi siswa cacah 28, nanging 2 siswa metu saengga saiki jumlah siswane dadi 26. Siswa 26 kasebut kaperang saka 16 siswa lanang lan 10 siswa wadon. Ing kelas iki ditindakake panliten kanthi 2 siklus lan wektu kang beda.

Ing siklus 1 ditindakake tanpa nggunakake media, kanggo ngukur kawasian awal siswa tumrap pamulangan nulis aksara Jawa. Kagiyatan pamulangan ing siklus 1 iki ditindakake tanggal 16 April 2013, jam 11.20 – 12.40 kanthi wektu 2x 40 menit.

Rekapan asil panlliten ing siklus iki yaiku:

Tabel 3.3

Rekapitulasi Asil Tes kelas VIIB ing Siklus I

No.	Uraian	Asil Siklus I
1.	Nilai rata-rata tes	68,12
2.	Cacah siswa kang tuntas	13
3.	Cacah siswa kang ora tuntas	11
4.	Persentase katuntasan klasikal	54%

Tabel kasebut nuduhake yen biji rata-rata asil sinaune siswa $\frac{1634,9}{24} = 68,12$ lan persentase katuntasan klasikal amung nggayuh $\frac{13}{24} \times 100\% = 54\%$, kanthi siswa kang tuntas ana 13 saka cacah siswa 24. Asil data kasebut uga nuduhake yen kelas iki durung tuntas kanthi klasikal, amarga persentase katuntasane amung 54% saka persentase katuntasan kang ditemtokake, yaiku 75%.

Bab iki dumadi amarga siswa durung bisa paham lan mangerten i tata cara panulisan kanthi becik. Sajrone panulisan aksara Jawa iku akeh banget aturan-aturan kang kudu dicakake, saengga siswa rumangsa kangelan. Saliyane iku, siswa ing kene ketara bosen kanthi cara

pamulangane guru. Bab iki dibuktekake saka tingkat partisipasi siswa kang kurang, lan asil sinau siswa kang durung nggayuh KKM.

Observasi ing siklus iki ditindakake dening observer kanthi asil observasi aktivitas siswa kalebu kriteria kurang persentase 60%. Dene observasi aktivitas guru ngolehake pambiji 68,3% kang kalebu kriteria kurang yaiku ing rentang 60-69.

Kakurangan lan alangan kang ditemokakae ing siklus 1 banjur didandani ing siklus 2. Siklus 2 ditindakake dina selasa tanggal 28 Juni 2013, jam 11.20 – 12.40 ing kelas VII B kanthi cacah siswa 26, kaperang saka 16 siswa lanang lan 10 siswa wadon. Pamulangan ing siklus 2 ditindakake kanthi nggunakake media *animasi flash*. Asil saka pamulangan ing siklus iki bisa dideleng ing tabel 3.4.

Tabel 3.4
Rekapitulasi Asil Teskelas VIIB ing Siklus 2

No.	Uraian	Asil Siklus 2
1.	Nilai rata-rata tes	79
2.	Cacah siswa kang tuntas	20
3.	Cacah siswa kang ora tuntas	6
4.	Persentase katuntasan klasikal	77%

Rekapitulasi kasebut nuduhake persentase katuntasan klasikal sawise nggunakake media *animasi flash* yaiku $\frac{20}{26} \times 100\% = 77\%$, lan kang ora tuntas yaiku $\frac{6}{26} \times 100\% = 23\%$. Rata-rata bji siswa yaiku $\frac{2051,56}{26} = 79$. kanthi asil kasebut nuduhake yen pamulangan ing siklus 2 iki kasil. Kapisan dideleng saka persentase katuntasan klasikal yaiku 77%, njangkepi persentase katuntasan minimal sekolah yaiku 75%. Saliyane iku, rata-rata kelas 79, uga ana ing sandhuwure KKM, 75.

Pamulangan kanthi nggunakake media *animasi flash* iki kabukti kasil bisa ngundhakake kawasian siswa sajrone nulis aksara Jawa mligine pasangan. Indikator kang bisa digunakake minangka ukuran yaiku saka biji siswa. Rata-rata biji siswa ing siklus 1 68,12 ora njangkepi KKM, banjur ing siklus 2 iki rata-rata biji siswa 79 lan njangkepi KKM. Saliyane iku, uga bisa dibuktekake saka katuntasan klasikal kang ana undhak-undhakan sajumlah 23%.

Adhedhasar asil observasi sajrone pamulangan iki diolehake rata-rata asil observasi aktivitas siswa yaiku $\frac{36}{50} \times 100\% = 72\%$ kang kalebu kriteria “cukup” amarga ana ing rentang 70%-79%. Asil observasi kasebut bisa diarani yen aktivitas siswa ing siklus 2 ana undhak-undhakan, yaiku sajumlah 12%, saka 60% dadi 72%. Saka undhak-undhakan kang diolehi iki bisa didadekake indikator yen pamulangan ing siklus 2 iki kasil. Semono uga observasi aktivitas guru nuduhake anane undhak-undhakan kang signifikan, yaiku 90%. Asil iki nuduhake kriteria apik banget amarga ana ing rentang 90%-100%.

c. Rekapitulasi Asil Panliten ing Kelas VIIA lan VIIIB

Sajrone rekapitulasi iki bakal diwedharake sepira tingkat undhak-undhakan kang lumaku sajrone panliten wiwit siklus 1 nganti siklus 2. Luwih jangkepe yaiku:

(1) Rekapitulasi Asil Tes Siswa Kelas VIIA lan VIIIB ing Siklus 1 lan Siklus 2


Adhedhasar asil tes siswa sajrone pamulangan nulis kombinasi pasangan aksara Jawa kang ditindakake ing 2 kelas, nuduhake yen ana undhak-undhakan ing saben siklus. Ing siklus 1 biji rata-rata siswa kelas VIIA 66,6 kanthi persentase katuntasan klasikal 55,5%. Ing kelas VIIIB biji rata-rata siswa yaiku 68,12 lan persentase katuntasan klasikal 54%.

Asil ing siklus 2, kang ditindakake kanthi nggunakake media nuduhake biji rata-rata ing kelas VIIA 80, lan katuntasan klasikal 80,8%. Ing kelas VIIIB biji rata-rata siswa 79, lan persentase katuntasan klasikal 77%. Saka asil rata-rata lan persentase siswa ing saben sikeluse nuduhake yen ana undhak-undhakan kang apik. Biji siswa wis bisa nggayuh KKM kang ditemtokake, semono uga katuntasan klasikal.

Undhak-undhakan asil tes siswa sajrone pamulangan nulis kombinasi pasangan aksara Jawa ing kelas VIIA lan VIIIB ing saben sikeluse bisa dideleng ing grafik 3.1.

Grafik. 3.1


Biji Rata-rata Siswa Kelas VIIA lan VIIIB ing Siklus 1 lan Siklus 2



Grafik kasebut nuduhake undhak-undhakan biji siswa ing saben sikeluse. Kelas VIIA ana undhak-undhakan biji sajumlah 13,4, dene kelas VIIIB ana undhak-undhakan biji sajumlah 10,88. Asil kasebut bisa diweduhi yen undhak-undhakan kang diduweni kelas kelas VIIA luwih akeh tinimbang kelas VIIIB. Saka katrangan iki banjur uga diandharake ing grafik 3.2 ngenani katuntasan siswa kelas VIIA lan VIIIB ing saben sikeluse.

Grafik. 3.2

Persentase katuntasan klasikal kelas VIIA lan VIIIB ing siklus 1 lan siklus 2



Adhedhasar grafik kasebut nuduhake yen sajrone katuntasan klasikal ana undhak-undhakan kang signifikan. Undhak-undhakan kang dumadi ing kelas VIIA yaiku 24,5%, dene ing kelas VIIIB yaiku 23%. Undhak-undhakan kang dumadi ing 2 kelas iki meh padha, ateges kawasaki klasikal ing rong kelas iki uga sebanding.


(2) Rekapitulasi Observasi Aktivitas Siswa Kelas VIIA lan VIIIB ing Siklus 1 lan Siklus 2

Asil observasi siswa ing siklus 1 lan siklus 2, nuduhake ana undhak-undhakan ing saben kelase. Ing siklus 1 aktivitas siswa ing kelas VIIA gunggung 57,5%, banjur ing kelas VIIIB 60%. Asil kang digayuh dening siswa kasebut kalebu kriteria kurang, dadi prelu diwenehi tindak lanjut ing siklus sabanjure. Asil saka refleksi ing siklus 1, nuduhake yen siswa ora siyap kanggo kagiyatan pamulangan. Saliyané iku, siswa uga ora aktif. mula saka iku ditindakake siklus 2 kanthi *perlakuan* kang beda, yaiku kanthi nggunakake media *animasi flash*.

Ing siklus 2 aktivitas siswa ing kelas VIIA yaiku 74%, lan aktivitas siswa ing kelas VIIIB 72%. Biji aktivitas siswa ing siklus iki nuduhake kriteria cukup. Yen diawas saka segi undhak-undhakan ing saben kelase, siswa wis nuduhakle undhak-undhakan kang apik. Asil observasi aktivitas siswa ing saben kelas sajrone siklus 1 lan siklus 2 diandharake ing grafik 3.3.

Grafik.3.3

Asil observasi Aktivitas Siswa Kelas VIIA lan VIIIB ing Siklus 1 lan Siklus 2



Grafik kasebut nuduhake undhak-undhakan aktivitas siswa saben kelase ing rong siklus. Yen dibandingake antara kelas A lan kelas B, ing kelas A ngalami undhak-undhakan luwih akeh tinimbang kelas B, yaiku 16,5% lan 12%. Yen dibandingake saka asil akhir antarane kelas A lan kelas B, kelas B malah mudhun.. Asil ing siklus 1 luwih apik tinimbang kelas A, banjur siklus 2 asile ana ing sangisore kelas A.


(3) Rekapitulasi Observasi Aktivitas Guru ing Kelas VIIA lan VIIB ing Siklus 1 lan Siklus 2

Adhedhasar data asil observasi aktivitas guru sasuwene proses pamulangan ing siklus 1 lan siklus 2, nuduhake yen ana undhak-undhakan. Nalika siklus 1 asil observasi aktivitas guru ing kelas VIIA ngolehake biji 63,3% kang kalebu kriteria kurang, banjur kelas VIIB ngolehake biji 68,3% kang uga kalebu kriteria kurang. Biji kang diolehhake ing kelas B luwih akeh tinimbang ing kelas A amarga pamulangan luwih dhisik ing kelas A, saengga guru bisa ndandani nalika mulang ing kelas B. Kakurangan-kakurangan ing saben kelas asil siklus 1, banjur didandani ing siklus 2.

Kantri asil revisi saka siklus 1, diolehhake asil ing siklus 2 kang kalebu kriteria apik lan apik banget. Asil aktivitas guru siklus 2 ing kelas VIIA yaiku 86%, banjur ing kelas VIIB 90%. Asil saka undhak-undhakan saben siklus ing rong kelas diandharake ing grafik 3.4.

Grafik.3.4

Asil observasi Aktivitas Guru, Kelas VII A lan VII B ing Siklus 1 lan Siklus 2



Grafik kasebut nuduhake undhak-undhakan ing saben kelase. Aktivitas guru ing kelas VIIB luwih apik tinimbang ing kelas VIIA amarga sadurunge ing kelas VIIB, guru bisa refleksi adhedhasar aktivitase ing kelas VIIA. Dideleng saka saben siklus ing saben kelas aktivitas guru ngalami undhak-undhakan kang apik lan ngluwih kriteria kang ditemtokake.

3. Respon Siswa tumrap Media Animasi Flash ing Pamulangan Nulis Kombinasi Pasangan Aksara Jawa

Respon siswa ing kene bisa diweruhi saka asil angket respon siswa. Angket dibagekake menyang siswa

sawise proses pamulangan kantri nggunakake media. Tujuwan saka kagiyatan iki yaiku kanggo mangerten respon siswa tumrap media iki.

Ing kelas VIIA, angket respon siswa kasebut ngolehake rata-rata 2,54, yaiku kalebu kriteria "njangkepi kompetensi". Ateges pamulangan kantri nggunakake media *animasi flash* bisa nggayuh kompetensi kang ditemtokake. Saliyane iku, siswa uga sarujuk lan bisa nampa pamulangan kantri nggunakake media iki kantri respon kang becik.

Adhedhasar asil angket respon siswa, kelas VIIB ngolehake rata-rata kelas 2,52, yaiku kalebu kualifikasi "njangkepi kompetensi" yaiku ing rentang 2,50-3,00. Saka rata-rata kelas kasebut bisa diweruhi yen kelas iki menehi respon kang becik lan positif.

Adhedhasar andharan asil respon siswa saka rong kelas kasebut nuduhake yen siswa menehi respon kang positif lan becik. Bab iku bisa dibuktekake saka asil analisis angket respon siswa lan rata-rata kelas kang kalebu kriteria "njangkepi kompetensi" amarga ana ing rentang 2,50-3,00.

Kantri asil rekapitulasi lan respon siswa kasebut nuduhake yen ing saben kriteria ditemokake undhak-undhakan, wiwit saka asil sinau siswa, katuntasan klasikal, aktivitas siswa lan aktivitas guru. Saliyane iku, siswa uga menehi respon kang becik tumrap media iki, yaiku njangkepi kompetensi. Kantri undhak-undhakan kang dialami lan respon becik kasebut bisa didadekake indikator yen media *animasi flash* efektif digunakake kanggo pamulangan. Bab kasebut cundhuk karo hipotesis panliten kang ngandharake yen media *animasi flash* bisa ngundhakake kawasaki nulis kombinasi pasangan aksara Jawa tumrap kelas VII.

D. PANUTUP

Dudutan

Saka andharan kasebut, mula bisa diolehhake dudutan kang cundhuk karo undheran panliten, yaiku:

- (1) Sajrone proses pangrembakan tahapan kang kudu dilakoni yaiku wiwit saka idhentifikasi kabutuhan siswa tumekane proses produksi. Ing tahap idhentifikasi kabutuhan siswa diolehhake asil pambiji rata-rata kelas VII A yaiku 2,26, banjur kelas VII B uga 2,26. Saka asil rong kelas kasebut nuduhake yen durung njangkepi kompetensi. Sabanjure nindakake proses produksi media kang dipungkasi kantri pengemasan media sajrone CD. Media kang wis dadi dibiji kuwalitase dening validator media lan materi. Pambiji kang diolehhake saka validator ahli media iki kalebu kriteria apik banget yaiku kantri pambiji rata-rata 86. Pambiji saka validator ahli materi tumrap media iki kalebu kriteria apik, validator menehi biji

- rata-rata 76 kanggo komponen kompetensi, lan biji rata-rata 80 kanggo komponen pangandharan media.
- (2) Efektifitas media *animasi flash* bisa diwérudi saka kagiyatan pamulangan kang ditindakake ing kelas VIIA lan VIIB kanthi 2 siklus. Saliyane iku, uga saka asil observasi aktivitas siswa lan observasi aktivitas guru. Ing siklus 1 iki biji rata-rata kelas VIIA sajumlah 66,79, kanthi persentase ketuntasan klasikal 55,5%. Asil observasi aktivitas siswa ngolehake pambiji 57,5%, banjur aktivitas guru ngolehake pambiji 63,3%. Ing kelas VIIB biji rata-rata siswa kelas yaiku 68,12, kanthi ketuntasan klasikal 54%. Aktivitas siswa oleh pambiji saka validator 60%, dene persentase aktivitas guru sajumlah 68,3%. Kanthi asil kang diolehhake ing siklus 1, mbutuhake tindak lanjut saengga ditindakake siklus 2. Ing siklus 2 diolehhake biji rata-rata kelas VIIA yaiku 80, kanthi ketuntasan klasikal 80,8%. Persentase observasi aktivitas siswa oleh pambiji 74%, banjur aktivitas guru 86%. Ing kelas VIIB biji rata-rata siswa 79, kanthi ketuntasan klasikal 77%. Aktivitas siswa oleh pambiji kanthi persentase 72%, banjur aktivitas guru oleh pambiji 90%.
 - (3) Ngenani respon siswa tumrap media iki, siswa menehi respon kang becik lan positif. Bab iki bisa dibuktekake saka asil angket respon siswa kang diolehhake sawise siswa nggunakake media *animasi flash*. Asil respon siswa kang diolehhake ing kelas VIIA yaiku 2,54, banjur ing kelas VIIB 2,52. Asil kang diolehhake saka angket kasebut kalebu kriteria njangkepi kompetensi yaiku ing rentang 2,50-3,00.

Kanthi asil asil rekapitulasi lan respon siswa kasebut nuduhake yen ing saben kriteria ditemokake undhak-undhakan, wiwit saka asil sinar siswa, katuntasan klasikal, aktivitas siswa lan aktivitas guru. Saliyane iku, siswa uga menehi respon kang becik tumrap media iki, yaiku njangkepi kompetensi. Kanthi undhak-undhakan kang dialami lan respon becik kasebut bisa didadekake indikator yen media *animasi flash* efektif digunakake kanggo pamulangan. Bab kasebut cundhuk karo hipotesis panliten kang ngandharake yen media *animasi flash* bisa ngundhakake kawasian nulis kombinasi pasangan aksara Jawa tumrap kelas VII.

Pamrayoga

Saka asil kang diolehhake lumantar panliten iki, diajab ana tindak lanjut kang ditindakake kanggo pangembangan media kang orientasine siswa dening panliti liyane kanthi materi lan kawasian kang beda. Kanggo calon guru lan calon panliti supaya bisa luwih kreatif lan inovatif sajrone nemokake terobosan anyar kang bisa ngatasi lan menehi solusi tumrap masalah kang ana sajrone proses pamulangan. Saliyane iku, kanggo

para guru kudu bisa luwih kreatif sajrone nindakake pamulangan kanthi anane perkembangan IPTEKS kang sungsaya ngrembaka.

KAPUSTAKAN

- Aqib, Zainal. 2008. *Penelitian Tindakan Kelas untuk Guru SD, SLB, dan TK*. Bandung: CV Yrama Widya
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Arsyad, Azhar. 2007. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Raja Grafindo Persada
- Astuti, Dwi. 2006. *Teknik Membuat Animasi Profesional Menggunakan Macromedia Flash 8*. Semarang: Andi Basir, Udjang. 2010. *Keterampilan Menulis*. Surabaya: Lembaga Penerbitan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Surabaya
- Dhanta,Jaya. 2007. *Panduan Lengkap Menggunakan Adobe Flash CS 4*. Surabaya:Indah
- Kunandar. 2008. *Langkah Mudah Penelitian Tindakan Kelas sebagai Pengembangan Profesi Guru*. Jakarta: PT Rajagrafindo Persada
- Indarti, Titik. 2008. *Penelitian Tindakan Kelas (PtK) dan Penelitian Ilmiah:Prinsip-prinsip Dasar, Langkah-langkah dan implementasinya*. Surabaya:Penerbit Bahasa dan Sastra Universitas Negeri Surabaya
- Nuryiantoro, Burhan. 2001. *Penilaian Pembelajaran Bahasa*. Yogyakarta: BFPE-Yogyakarta
- Padmosoekto. 1989. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti
- Rusman. 2012. *Pembelajaran Berbasis Komputer*. Bandung: Alfabeta
- Sadiman , Arief S, dkk. 2005. *Media Pendidikan*. Jakarta: PT Raja Grafindo
- Sudjana, Nana. 2009. *Dasar-Dasar Proses Belajar Mengajar*. Bandung: Sinar Baru
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Pendidikan (Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif dan R&D)*. Bandung:Alfabeta